# МКОУ «Акайталинская СОШ»

2015 г.

Урок  аварской литературы
в  9 классе  ведет
учитель  второй категории,
Омарова Рабият Исаевна

Мац1 к1очараб миллат молода лъола,
Малидул г1оркь кквезе чи хут1уларо…
Хут1араб кинабго гьадингояб жо
Гьардарав Бет1ергьан, ц1уне авар мац1

М.Ах1мадов



# *Дарсил тема:*

# Авар адабияталда эбелалъул , ч1ужуг1аданалъул образал

# Дарсил мурад:

I. Авар адабияталда маг1арул ч1ужуг1аданалъул, эбелалъул образазул бугеб к1варалъул ц1алдохъабазе бич1ч1и кьей.

II. Г1олохъанаб г1елалъул эбелалдехун ч1ужуг1аданалдехун бугеб рокьи, адаб – х1урмат гьаби ва гьей т1адег1ан гьайи куцай.

## Дарсил эпиграфал:

Амма бищунго ц1акъ
маг1арул намус,
Маг1арул ясазда
гьеб ц1акъ рекьола.

Р. х1амзатов

*Намус билизе теч1ей,*
*Г1аданлъи чорхолъ бугей,*
*Гурх1ел – рах1му ц1ик1к1арай,*
*Ч1ахъа мун, Ч1ужуг1адан!*












# Авар адабияталъул дарсазда кинал асаразулъ нужеда дандч1варал ч1ужуг1аданалъул образал?

**5 абилеб классалда кинаб асаралъулъ г1ат1идго бихьизабун бугеб ч1ужуг1аданалъул образ?**

**Лъил образ гьеб кколеб?**

**Асаралъул автор щив кколев?**




Дида лъала**,** эбел цо йик1унейлъи**,**

Цогияз кидаго гьей хисунгут1и.

Амма дир г1умрудул х1исаб гьабидал**,**

Йиго цоги ч1ужу  цее яч1уней.



6 абилеб классалда кинал асаразулъ нужеда дандч1варал руччабазул образал?
Лъил образал гьел кколел?
Асаразул авторал щал кколел?

7 абилеб классалда кинал асаразулъ нужеда дандч1варал руччабазул образал?
Лъил образал гьел кколел?
Асаразул авторал щал кколел?

8 абилеб классалда кинал асаразулъ нужеда дандч1варал руччабазул образал?
Лъил образал гьел кколел?
Асаразул авторал щал кколел?

Борхатаб магIарда кIиго гIадрал тIегь,
Цоцазде щапула, данде щоларо.
Гъваридаб кIкIалахъе кIиго иццул лъим,
Цоцалъе чваххула, гъорлъ жубаларо.





Щибаб март бач1ингун
Маг1арул ч1ужу,
Мах1мудил хабада
Лъе ихдалил т1егь.
Т1убараб г1умруялъ
Г1ашикъаб рак1алъ,
Мун  к1одо гьаюраб
Кеч1  ах1анин дос.
Дос дуда абуна
Баг1араб бакъин,
Дос дуда абуна
Ихдалил т1егьин.
Раг1анищ маг1арухъ
Досдаса цеве,
Дов г1адин берцинго
Дуда к1алъарав.



9 абилеб классалда кинал асаразулъ нужеда дандч1варал руччабазул образал?
Лъил образал гьел кколел?
Асаразул авторал щал кколел?



# Эбелалде

Эбел, к1очонаро гьит1инаб мехалъ,
Дун къват1ахъ ккват1игун, кидаго дуца
Горт1а лъун толаан бакараб чирахъ
Ва къирун толаан къач1ого каву

Вач1унаан рокъов, кьижулаан дун,
Кьурулаан дуца г1одобе чирахъ.
Ялагьулаан мун къан бугищ нуц1а,
Къулулаан т1аде, сордо лъик1, васин.

Сонал ана… горт1а чирахъ кенч1ана,
Дур васаз иргадал росу нахъ тана.
Квег1аб берзул маг1у кваранаб квералъ
Киг1ан г1емер балъго дуца бац1ц1араб



Эбел, дир соназул гьал сверабазда
Дида росуцояз бицунеб буго,
Дуца рогьинег1ан г1агараб горт1а
Г1одой кьуруларин бакараб чирахъ

Дуца гьанжелъаг1ан къирун тун ругин
Къач1ого-каваби васас рагьизе;
Мун ялагьун йигин, кват1арал лъимал
Кидадай руссина жидерго гъаст1е.

Дица балъго, эбел, кваранаб квералъ
Квег1аб берзул маг1у бац1ц1уна сардилъ
Дун вач1ина духъе, вач1ина духъе,
Чирахъ г1одоб кьурун, кьижа, дир мискин

Щвела дун росулъе, щвела рокъове
Къирун тараб каву къай, дир хирияй.
Кида гьеб бук1инеб –кват1изе гьеч1о,
Каранда рак1 лъурай, сордо лъик1, эбел.



Къоло анлъабилеб июналъул къо,
Къарнудал байбихьул т1оцебесеб сон.
Мах1ачхъалаялда г1агараб рокъой,
Бакъ т1ерхьунеб мехалъ хвана Пат1имат.

Дица магьари лъун ячун йик1арай
Йичан тезе ккана, ц1ар т1амич1ого
Нужеца ц1алк1улеб г1аламалда гъорлъ
Щибулей, Пат1имат, дунги гьоркьов тун?

Эбел, эмен, вацал дица рукъана,
Амма рукъ т1ат1ала ккеч1о гьадинан
Чан гьудул камурав, коч1охъан хварав,
Хут1ич1о кидаго гьадин янгъизго.

Хведал бусурбаби, хасго руччаби,
Хех рукъизе кколин Къуръанул х1адис
Дун хобал рухъулел г1олохъабазда,
Г1едег1угейилан , цоги къо кьеян







Лъала маялъул гъут1би т1егьалеб мехалъ
Тохлъукьего ц1орой бач1уна цо-цо
Амма дур ц1ар дица йокьулей гьудул
Макьилъ щибаб сардилъ буго щурулеб
Сунца дун хъах1лъарав хъах1лъун ватила
Гьадин кутакалда мун хиралъиялъ
Дие мун йокьулеб куц, йокьулеб куц
Рокьуца хисараб рас батила гьаб
Гьудул дуда цадахъ гьаб дунялалда
Дида лъана талих1 лъидаго лъач1еб
Талих1алъ рохелалъ чи хъах1лъанани
Хъах1лъун ватила дун бищунго цеве





# Особое отношение в исламе к ЖЕНЩИНЕ

Когда она жена, она завершает половину веры своего мужа.

Ислам возвысил статус женщины настолько высоко, что - когда она дочь, она открывает дверь в Рай для своего отца.

Когда она мать, Рай лежит под её ногами.



# Нижер эбелалъе сахлъи гьарун, дуг1а гьабе, буссурбаби!



Не позволяй маме чувствовать себя ненужной ...
отвечай на ее звонки... интересуйся ее здоровьем...
когда-то мама дала тебе гораздо больше,
чем простое внимание – она вложила в тебя свою душу.



Эбелалъул лъималаздехун бук1унеб цо балъгояб г1урхъи гьеч1еб рокьи, цо хасаб рекIел хинлъи, эбелалъул хIалимлъи, гьелъул х1ереблъи, гьелъул недегълъи…!



*Г1умрудулъ инсанасе къун буго к1иго кваркьи: Эбел ва Эмен.*
*Гьел ч1аго ругебг1ан мехалъ, гьел куркьбазда нилъ роржуна.*
*Цояб кваркьи камуни ц1акъ зах1малъула роржанхъизе*
*К1иябго камуни рилъанхъинецин зах1малъула*

***Ч1аго ругебг1ан мехалъ ц1уне,***
***адаб –х1урмат гьабе улбузул***